ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№41 (24.947) • 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъу




**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Абхъаз Республикэм щекIуэкI «Абхъаз - къэкIуэнум хуащI хэлъхьэныгъэхэр» дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хэтщ.**

УРЫСЕЙМ и лIыкIуэ гупым я пашэщ Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей.

Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ форумым хэт хьэщIэхэм фIэхъускIэ захуигъэза нэужь, щIыналъэм иIэ ехъулIэныгъэхэм тепсэлъыхьащ, абы и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ гулъытэ нэхъ зыхуащI Iуэхухэр къигъэлъэгъуащ.

Кириенкэ Сергей и гугъу ищIащ Урысеймрэ Абхъазымрэ я зэпыщIэныгъэм адэкIэ зэрызрагъэужьынум, республикэм и къэралыгъуэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ зэрагъэбыдэнум, абы и экономикэ зэфIэкIым.

АдэкIэ пленарнэ зэхыхьэм Урысейм и хэгъэгухэмрэ Абхъазымрэ лъэныкъуэхэм я фейдэ зыхэлъ унэтIыныгъэхэмкIэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм щытепсэлъыхьащ.

Ди къуэш Абхъаз Республикэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр сату-экономикэ и лъэныкъуэкIэ и IуэхущIэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Апхуэдэуи ухуэныгъэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэ, курорт-рекреационнэ комплекс, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ, щIалэгъуалэ политикэ, мэкъумэш хозяйствэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэми зыщрагъэужьыну IэмалыфIхэр щыIэщ.

КIуэкIуэ Казбек хэтащ Абхъаз Республикэм социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр утыку къыщрахьэ гъэлъэгъуэныгъэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр хэтынущ Инвестицэмрэ экономикэр убзыхунымрэ, мэкъумэш хозяйствэм, гъуэгу транспорт ухуэныгъэм, туризмэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми зегъэужьыным теухуауэ екIуэкIыну «стIол хъурейм».

Апхуэдэуи къапэщытщ щIыналъэхэр адэкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа IуэхухэмкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэну.



## ЗэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэ

**Сыхъум щекIуэкI дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хэт КIуэкIуэ Казбек IущIащ Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ Зураб и къуэм.**

АБЫХЭМ, дауи, зытепсэлъыхьын я мащIэтэкъым.

Урысей Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ зэрызэдэлажьэр хэлъхьэныгъэшхуэ хуохъу абыхэм я социально-экономикэ IэнатIэхэм зегъэужьыным, а къэралхэм хыхьэ щIыналъэхэри нэхъри зэпыщIэным хуэщхьэпэу.

Зэкъуэш Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ я сэбэп зыхэлъ Iуэхухэм я лъабжьэр епхащ тхыдэкIэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм.

«Дэ дытепсэлъыхьащ лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэу Iэ зытеддзэну зэгурыIуэныгъэ зыбжанэм. Псом хуэмыдэу ахэр ехьэлIащ туризмэмрэ хьэщIагъэм епха IэнатIэмрэ, мэкъумэшым, ерыскъыпхъэ промышленностым. Щхьэхуэу дыкъытеувыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ щыщ щIалэгъуалэм я зэхуэсышхуэ къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ пыщIа Iуэхухэм. А лэжьыгъэхэм щIадзауэ йокIуэкI.

Бадрэ Зураб и къуэм фIыщIэ хуэсщIащ гуапэу дызэрырагъэблэгъам папщIэ икIи ди къуэш лъэпкъым щыщхэм сехъуэхъуащ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну, я Iуэхухэр ефIэкIуэну.

Урысеймрэ Абхъазымрэ я цIыхубэм яфI зыхэлъ Iуэхухэр мы зэIущIэм къыдэкIуэну дызэрыщыгугъыр къыхэзгъэщащ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэхуэсым щытепсэлъыхьыжым.

* * *

**Абхъаз Республикэм щызэхэт Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм Iэ щытрадзащ КъБР-м и Правительствэмрэ Абхъаз Республикэм и Правительствэмрэ я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэхэм ехьэлIа зэгурыIуэныгъэхэм. А Iуэхугъуэхэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэм Iэ щIадзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Абхъаз Республикэм премьер-министр Делбэ Владимиррэ.**

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭХЭМ япкъ иткIэ щIыналъэхэм зэгъусэу къызэрагъэпэщынущ дэтхэнэми я экономикэм зезыгъэужь Iуэхугъуэхэр, зи гугъу ящI унэтIыныгъэхэмкIэ IэнатIэхэми щызэдэлэжьэнущ, сату, Iуэхутхьэбзэ Iуэхухэр зэдагъэзэщIэнущ, жармыкIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщынущ, щэнхабзэ, литературэ, гъуазджэ, спорт зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэнущ, щIалэгъуалэ пэхуэщIэхэр ягъэзэщIэнущ.

КъинэмыщIауэ, елэжьынущ щIыналъэхэм я къалащхьэхэу Налшыкрэ Сыхъумрэ я администрацэхэм я зэпыщIэныгъэхэм епха зэгурыIуэныгъэхэр гъэхьэзырыным. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр дэлъынущ узыншагъэр хъумэным епха IэнатIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьынымкIэ зэгухьэныгъэмрэ Абхъаз Республикэм ИнвестицэхэмкIэ и къэрал агентствэмрэ я зэхуаку.

А зэгурыIуэныгъэхэр хуэгъэпсащ зэкъуэш щIыналъэхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъ жыджэру гъэбыдэным, егъэфIэкIуэным. Ди республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, лъэныкъуитIми ди сэбэп зыхэлъ зэдэлэжьэныгъэхэм адэкIи зрагъэубгъунущ.

## Iэюб и зэфIэкIыр



**Санкт-Петербург и Губернаторым и Кубокыр дзюдомкIэ къэхьыным хуэунэтIауэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэу а къалэм иджыблагъэ щекIуэкIам къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ.**

УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам хэт, ди къэралым и чемпион, европэ чемпионатым етIуанэ, дуней псом ещанэ щыхъуа, Тажышхуэр мызэ-мытIэу къэзыхьа, дзюдоист цIэрыIуэ Блий Iэюб «УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэ лъапIэм и дамыгъэр къритыжащ Санкт-Петербург къалэм физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и тхьэмадэ Шантырь Антон.

Гъатхэпэм и 25-м, Санкт-Петербург къалэм и губернатор Беглов Александр Смольнэм щригъэблэгъащ къэрал дамыгъэхэр, УФ-м и Президентым и фIыщIэр зыхуагъэфэща, 2025 гъэм ехъулIэныгъэфIхэр зиIа, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр. Абыхэм яхэтащ Блий Iэюби. Беглов Александр ди щIалэм къритыжащ «Къэралым и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэм и медалыр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди спортсменхэр я ныпым щIэту бэнэну хуитыныгъэ нэгъабэ къратыжа нэужь, псом япэу текIуэныгъэ ди къэралым къыхуэзыхьар Блий Iэюбщ. Абы и цIэкIэ УФ-м и гимныр кърагъэуащ, ныпри щыгум щаIэтащ.

Дохъуэхъу Iэюб УФ-ми КъБР-ми я щIыхьыр спорт утыкушхуэхэм лъагэу илъэс куэдкIэ щиIэтыну.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

*Сурэтым:* **Беглов Александр медалыр Iэюб къритащ**



Алийрэ КIунэрэ зэхуашэс

4-нэ нап.



Иджырей бзылъхугъэм и щапхъэ

9-нэ нап.



Сыт хуэдэ жэрдэмми уасэ иIэщ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



Дон Iус Ростов къраша лэжьыгъэхэр

12-нэ нап.

# Я лэжьыгъэр купщIафIэщ

**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищ зэрырикъум теухуауэ щитхащ**:

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр къызэгъэпэщыным теухуа Унафэм Урысей Федерацэм и Президентым Iэ зэрыщIидзрэ илъэсищ блэкIащ. А зэманым къриубыдэу къэралым тэмэму зэтеухуа щыхъуащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абыхэм я Iыхьлыхэм, зэпэщIэувэныгъэм хэкIуэда лIыхъужьхэм я унагъуэхэм исхэм социальнэу защIэгъэкъуэнымкIэ IэнатIэм и лэжьэкIэр.

А социальнэ институтым щызэфIах Iуэхугъуэхэм я лъабжьэщ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэдэууэ, зэпыщIауэ зэрызэдэлажьэр. Абыхэм я лэжьэкIэ мардэщ закъыхуэзыгъазэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуэгъуэтыныр, зэрыхъукIэ сэбэп яхуэхъуныр. Апхуэдэу щыхъукIи, фондым и IэщIагъэлIхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэмрэ езыхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэм.

Урысей фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэр къызэрызэрагъэпэщ япэ махуэ лъандэрэ дэIэпыкъуэгъу яхуохъу зыкъыхуэзыгъазэхэм. Социальнэу лэжьыгъэр зэзыгъэуIухэр ветеранхэми зэуапIэм икIуэдахэм я унагъуэхэми сэбэпышхуэ яхуохъу зыхуеину дэфтэр зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэхьэзырынымкIэ, медицинэ, психологие, юрист дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтынымкIэ. Къудамэм и IэщIагъэлIхэр лэжьыгъэкIэ япыщIащ республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым ди щIыналъэм щиIэ къудамэм и лэжьыгъэр адэкIи едгъэфIэкIуэну ди мурадщ».

● Дэ къытхуатх

## Дызэрызэныбжьэгъум срогушхуэ

ПщIэ зыхуэсщI Мухьэмэд!

Уэ лъэпкъым теухуауэ уемызэшыжу, илъэс куэд хъуауэ ебгъэкIуэкI къэхутэныгъэхэмрэ къыдэбгъэкIа тхылъхэмрэ я фIыгъэкIэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм, нэхъ жыжьэу узэIэбэкIыжмэ, СССР-м и лъэхъэнэм щыпсэуахэм Iэмал гъуэзэджэ ягъуэтащ адыгэхэм я къекIуэкIыкIам, Урысейм, хамэ къэралхэм щыпсэуа, щыпсэу адыгэлI щэджащэ куэдым ятеухуа хъыбархэр къащIэну. Журналистикэмрэ литературэмрэ къэбгъэсэбэпурэ, уэ быдэу дапыпщIэжащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Москва, къалащхьэм пэжыжьэ щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм.

Сыт хуэдиз IуэхуфI яхузэфIэбгъэкIа ди къуэш абхъазхэм! Егупсысауэ псалъэу, кууэ къыщIэгъэлъауэ Iуэхур зэпкърихыу, хэкупсэ нэсу, нэгъуэщI лъэпкъхэми пщIэ яхуищIу зи гъащIэ гъуэгур къэзыкIу уэ, сэ сызэреплъымкIэ, иджырей АДЫГЭЛIЫМ и шыфэлIыфэ нэхъыфIхэр богъэлъагъуэ. ЦIыхугъэр, щIыхьыр, напэр, захуагъэр псалъэ къызэрыгуэкIкъым уи дежкIэ, атIэ уи хьэл-щэным лъабжьэ хуэхъуауэ къыбдэгъуэгурыкIуэ нэщэнэщ. Уи акъыл жаным, щIэныгъэ куум щIыгъу апхуэдэ щэнхэм псэм и къулеягъыр ягъэбелджылыуэ къызолъытэ. Ахэращ уэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыху щэджащэ узыщIар.

Илъэс щэщI ипэкIэ, Иорданием сыщыIэу, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, генерал, дипломат цIэрыIуэ Бырмамыт Фоаз сыхуэзауэ щытащ. И унагъуэм сригъэблэгъауэ дызэбгъэдэсти, и ныбжьэгъу нэхъыфIхэм я гугъу щищIым уи цIэри къриIуат. ГушыIэ тIэкIуи щIэлъу генералым жиIат: «Мы ХьэфIыцIэжьыр ди адыгэ лъэпкъым и набдзэщ!».

Мухьэмэд, IущыгъэкIэ гъэнщIауэ къыдэбгъэкIа тхылъхэр нобэ сэбэп мэхъу цIыхум и къэухьым зиужьынымкIэ, тхылъыр Iэпэдэгъэлэл щыхъуа мы лъэхъэнэм ахэр иджыри кърахьэкI акъыл, щIэныгъэ, хабзэ, дерс гъуэзэджэхэр кърахыу, цIыху лъапIэныгъэхэр ягу къигъэкIыжу. Илъэс куэд хъуауэ дызэрызэныбжьэгъум сыщогуфIыкI икIи срогушхуэ. Иджыри узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэщIэхэр, гуфIэгъуэ куэд уиIэну, уи унагъуэ дахэм я жьантIэр куэдрэ бгъэбжьыфIэну сынохъуэхъу, Мухьэмэд.

**ПщIэ къыпхуэзыщI ЖЭМАН Ахьмэд**,
*МТС-Банкым и вице-президент,*
*Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.*

«Захуагъэм тет Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Советыр **Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэмрэ Кебеков Валерий Сэфарбий и къуэмрэ** яхуогузавэ **Кебеков Владимир Яхья и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи теле- фонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.**



## Урысейм и гимныр Iуащхьэмахуэ щоIу

**Гъатхэпэм и 28-м щыщIэдзауэ 31-рэ пщIондэ IуащхьэмахуэлъапэщекIуэкIащ«Эльбрусский хорофон» II дунейпсо фестиваль-зэпеуэр. Ар къызэригъэпэщащ УФ-м и Лъэпкъ артийскэ комитетым**, **егъэджэныгъэм**, **щэнхабзэм**, **гъуазджэм зегъэужьынымкIэ «Эоловэ арфэ» АНО-м**, **«Общественная академия творчеств» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм**, **Урысей музыкэ союзыр**, **щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ «Пётр Великий» Лъэпкъ фондыр**, **«Кавказ. РФ» АО-р и дэIэпыкъуэгъуу**.

ФЕСТИВАЛЫР къызэрагъэпэщащ лъэпкъ хорхэм я хабзэхэр къагъэщIэрэщIэжын, иджырей уэрэд жыIэкIэм зрагъэужьын папщIэ. «Эльбрусский хорофон» зэхыхьэр япэу нэгъабэ ирагъэкIуэкIащ. Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм къэралым и хорхэм Урысейм и гимныр япэу абы щыгъуэм щагъэзэщIащ. Ар зэдэгъэзэщIэныр я дамыгъэщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ щэнхабзэм зегъэужьынымрэ. Ар къызэрагъэпэщащ 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам хыхьэу.

Iуащхьэмахуэ бгым метр 3500-рэ зи лъагагъ и «Мир» станцым кIапсэ гъуэгумкIэ дэкIри, фестивалым и курых Iуэхур - Урысей Федера-цэм и къэрал гимныр - хорхэм ягъэзэщIащ. Фестивалым хэтащ къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я сабий, студент, балигъ хор, уэрэджыIакIуэ гупхэр. Абыхэм я лэжьыгъэр къыипщытащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я цIыху цIэрыIуэхэр зыхэта жюрим.

2026 гъэм зэпеуэм и программэр нэхъ щIэщыгъуэу ягъэхьэзыращ. Абы хыхьэу къызэрагъэпэщащ зэIущIэхэр, зекIуэхэр, лауреатхэм я концерт, нэгъуэщIхэри.

- «Эльбрусский хорофон»-р зэпеуэ къудейкъым, атIэ хор уэрэд жыIэкIэр хъумэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, - жеIэ зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэт, Лъэпкъ артийскэ комитетым и президент Бейтыгъуэн Iэуес.

- Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм нэгъабэ япэу фестивалыр къыщызэдгъэпэщащ. Мы гъэм псоми я фIэщ тщIащ гъуазджэмрэ Хэку лъагъуныгъэмрэ гъунэ зэрамыIэр, - пищащ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэт, «Эоловэ арфэ» АНО-м зегъэужьынымкIэ унафэщI Левадный Павел.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.

## Мазэм къурикIуахэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэм илъ Iуэхухэр щагъэбелджылы и центрым (ЦУР) 2026 гъэм и гъатхэпэ мазэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм къурикIуахэр къыипщытэжащ**.

ЗИ гугъу ящI пIалъэм къриубыдэу, ЦУР-м и IэщIагъэлIхэр елэжьащ «Инцидент Менеджмент» IэмалымкIэ республикэм щыпсэухэм зэрызыкъыхуагъазэу къаIэрыхьа Iуэху мини 4-м нэблагъэм. Ахэр псори процентi 100-кIэ ягъэзэщIащ.

Хъыбар нэхъыбэ къызыбгъэдэкIар Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Аруан муниципальнэ районым щыпсэухэрщ.

Зэрызыкъыхуагъэзахэр ятеухуауэ щытащ кIэрыхубжьэрыхур зэрыдашым, ЖКХ-м, гъуэгухэм я щытыкIэм, зэIузэпэщыгъэм, узыншагъэр хъумэным.

IуэхущIапIэр муниципальнэ щIыналъэхэм зэрадэлэжьам къурикIуащ уэрам щхьэхуэхэм псыр зэрыдэлъадэм теухуа ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыныр, псы фIейр зрикIуэ бжьамийхэм елэжьыжыныр, псы щIыIэрэ хуабэрэ иратыныр. КъыщынэмыщIауэ, лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ уэрамхэм уэздыгъэхэр щыфIэдзэным ехьэлIауэ. Жылагъуэ зыбжанэм хуит ямыщIу къыщызэрагъэпэща кIэрыху-бжьэрыху идзыпIэхэр щагъэкIуэдыжащ, псэупIэ унэхэр хуабэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр зэфIагъэувэжащ, сабий джэгупIэхэр яухуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦУР-м къыипщытащ IуэхущIапIэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ Интернетыр зэрыщылажьэм и фIагъыр зыхуэдэр. Къалъытащ цIыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм жэуап зэрыратыр, абыхэм ику иту трагъэкIуадэ зэманыр, аккаунтхэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэр.

ЦIыхухэм къаIэт Iуэхухэр псынщIэу зэфIэхынымкIэ пашэ хъуащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр. ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, ещанэр - КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм.

Республикэм и щIыналъэ 13-м я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм, етIуанэр - Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм, ещанэр ягуэшащ Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм.

«Мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр» жыхуиIэм ипкъ иткIэ, эфир занщIэ драгъэкIуэкIащ КъБР-м псэупIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ и фондым и унафэщI Кулиев Мустэфир. Нэтыным хыхьэу, абы жэуап иритащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр 2026 гъэм зэгъэпэщыжыным, жьы хъуа лифтхэр зэхъуэкIыным, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зыхуэдэнум теухуауэ къурата упщIэхэм.

КъыщынэмыщIауэ, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Отаров Мухътар тепсэлъыхьащ ятIэпсым жапIэ хуэщIыным, ухуэныгъэхэм уней мылъкум къыхегъэлъхьэным теухуауэ ялэжьым, гъуэгухэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ яIэ мурадхэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

## Къэралым щыпэрытщ

**2025 гъэм Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къыщрахьэлIэжам и куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр ар гуэру иубыдащ, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм. ЖыпIэнурамэ, ди республикэм нэгъабэ щызэщIакъуэжащ псори зэхэту тонн мелуан 1,103-рэ икIи абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам нэхърэ процентi 7-кIэ нэхъыбэщ ар**.

Къэбгъэлъагъуэмэ, УФ-м пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу псори зэхэту нэгъабэ щызэщIакъуэжам и процент 23-р Къэбэрдей-Балъкъэрым къылъос, е къэралым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм кърахьэлIэжам и процент 36-м нэблагъэр. Илъэс блэкIам абыхэм псоми зэхэту тонн мин 746-рэ ди щIыналъэм къыщыпачыжащ.

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хохьэ жыг хадэ гъэкIын IэнатIэр икIи гулъытэ хэха ди деж щыхуащI зэпытщ. Абы и щыхьэтщ илъэс къэс жыг хадэщIэхэр зэрыщагъэтIысыр, иджырей технологиехэр жыджэру къызэрыхашэр, а псом къадэкIуэу, гъавэ бэв къызэрырахьэлIэжыр.

**ЩЭУЕЙ Болэ**.





# Лъэпкъхэр куэдщ, Хэкур зыщ

**● Пресс-конференц**

**«Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий пресс-конференц иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ 2020 гъэ лъандэрэ ди къэралым щагъэувауэ зыхуэфащэхэр зэрагъэпажэ «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтым ехьэлIа Iуэхугъуэхэр мы гъэм зэрекIуэкIынум.**

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий зэрыжиIамкIэ, урысейпсо саугъэтыр IыхьитIу ирагъэкIуэкI - щIыналъэ зэхуаку зэпеуэмрэ абы пхыкIахэм щыхэплъэж федеральнэ Iыхьэмрэ. Абы хэтщ Урысей Федерацэм и хэгъэгу 85-м щыщу цIыху 500-м щIигъу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, илъэс кIуам къэрал псом къикIыу къызэгъэпэщакIуэхэм лъэIу 750-рэ къаIэрыхьащ икIи щIыналъэхэм щыщ цIыху щыпкъэу 12-р «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» урысейпсо саугъэтым и лауреат хъуащ.

- ЩIыналъэ зэхуаку Iыхьэр 2026 гъэм щрагъэкIуэкIыну къыхахар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэрщ. Ар икъукIэ ди гуапэщ икIи зыхуей хуэзэу ди лъахэм къызэрыщызэдгъэпэщынум шэч хэлъкъым, - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм. Фэ фызэрыщыгъуазэщи, мы СаугъэтымкIэ я мурад нэхъыщхьэр къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIа хъуныр зи пщэ нэхъыбэу дэлъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм нэхъри зегъэубгъунырщ; лъэпкъ щэнхабзэхэр хъума хъунымкIэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ хэкум илъынымкIэ Урысейм и дэтхэнэ зы цIыхуми жэуаплыныгъэ зэрихьыр иджыри зэ игу къэгъэкIыжынырщ, тегъэгушхуэнырщ. «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтыр урысей псэкупсэщэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымкIэ къэрал политикэм лъабжьэ хуэхъу Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къалъытащ икIи 2024 - 2026 гъэхэм абы ехьэлIа дауэдапщэхэр къэралым щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI.

Гу лъытапхъэщ Урысейм лъэпкъ куэду зэхэс и цIыхубэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэунным, щэнхабзэм, бзэм, хабзэм зегъэужьыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкI жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я Iулыджыр къэIэтынымкIэ мы Iуэхугъуэхэр сэбэп зэрыхъур. Ар къалъытэри, саугъэтыр ягъэуващ икIи екIурэ-ещхьу ирагъэкIуэкI УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм-кIэ щыIэ советым, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм Лъэпкъ IуэхухэмкIэи комитетым, Лъэпкъ IуэхухэмкIэ Федеральнэ агентствэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм, Москва и Правительствэм.

Хьэутий къызэрыхигъэщамкIэ, зэпеуэм хэт хъунущ къэрал лъэпкъ политикэм ехьэлIа проектхэр зыгъэзащIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ фейдэ къегъэщIыным пымыщIа зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, волонтёр зэщIэхъееныгъэхэм хэтхэр, анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр, анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ проектхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIахэр, журналистхэр, блогерхэр, цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хьэрычэт Iуэху къызэзыгъэпэщахэр, творческэ гупхэмрэ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэмрэ.

Саугъэтыр унэтIыныгъи 7-м щыпашэу къалъытэхэм хуагъэфащэ: Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм хуэлэжьэн, Урысейм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ, Лъэпкъыбэ Урысейр медиам; ЭтноIуэхугъуэ нэхъыфIхэр, Пашэ гуащIафIэ, Акъыл зыбгъэдэлъ щIэблэ (Поколение УМ).

2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам ипкъ иткIэ, саугъэтым мы гъэм хагъэхьащ Зэкъуэтыныгъэм и къару, зыфIащар.

Пашэ хъуахэр щагъэлъэпIэнур Москвращ, ауэ федеральнэ щIыналъэхэм щекIуэкIыну Iыхьэхэм къэрикIуахэм ятеухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIынущ Липецк, Новгород, Киров, Челябинск, Новосибирск, Сахалин областхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къырым республикэхэм. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щытекIуахэр 2026 гъэм жэпуэгъуэм и 8 - 9 махуэхэм Налшык къалэ къыщрагъэблэгъэнущ. Ди гъунэгъу хэгъэгухэм ящыщу зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIхэм я зэфIэкIыр къапщытэнущ «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм я унафэщIхэр зыхэт гупым.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щритым, Сэхъурокъуэ Хьэутий я гугъу ищIащ зи унафэщI, «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм мы гъэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, езыр зыхэт, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым и къалэнхэм къызэщIиубыдэхэм, зи тхьэмадэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и пщэ къыдэхуэ Iуэхугъуэхэм.

Абы жиIащ 2025 гъэм и кIэм Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэтхэр тIэунейрэ зэрызэхуэсар, 2012 - 2015 гъэхэм къэрал лъэпкъ политикэм епха Iуэху нэхъыщхьэхэр зэрагъэзэщIам зэрыхэплъэжар, 2036 гъэ пщIондэ зэлэжьынухэр. КъищынэмыщIауэ, Президентыр тепсэлъыхьащ Урысейм и щхьэхуитыныгъэр хъумэныр лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм куэдкIэ зэрепхар. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ республикэм, къэралым илъын щхьэкIэ, хамэ къэралхэм къикI къару «мыузыншхэм» дахуэсакъын зэрыхуейр, лъэпкъхэр зэпэщIэзыгъэувэнкIэ хъуну лъэпощхьэпохэр акъыл хэлъу къызэрызэднэкIыпхъэр, унафэщIхэри, жылагъуэри абы зэрытелэжьапхъэр, лъэпкъ политикэм щIыналъэхэм я хабзэ-бзыпхъэ, бзэ Iуэхухэр къыхэлъытэныр зэрызахуагъэр, нэгъуэщI куэдми къытеувыIащ Сэхъурокъуэр, зыхэта зэхуэсышхуэм щытепсэлъыхьым. Дунейпсо Адыгэ Хасэр къэралми хамэ щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми зэрадэлажьэр щапхъэу къиихьри, Урысейм и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымкIэ ялэжьхэм я гугъу ищIащ. Журналистхэм гу лъаригъэтащ узыщыщ лъэпкъым и лъабжьэр къыщежьэ хэкум, дэнэ ущыIэми, ухуэсакъын, и цIэр фIыкIэ зэрыжаIэным упылъын, нэхъ лъэщ хъунымкIэ IуэхуфIхэр бгъэхъэн зэрыхуейр.

- Лъэпкъ зэхущытыкIэр иджыпсту нэхъ япэ ирагъэщ Iуэхугъуэу щIыщытым и щхьэусыгъуэр псоми ящIэ - димыныбжьэгъу къэралхэм ди хэкум илъ зэгурыIуэныгъэр якъутэну, цIыхухэр зэпэщIагъэувэну, зэрагъэныкъуэкъуну хуейуэ къыдащIылIэ «зауэхэрщ». Ауэ лъэпкъ 200-м нэблагъэм щыщхэр зэрыс ди хэкум ижьыжьыж лъандэрэ къыдекIуэкI а зэпIэзэрытыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ япэ къэсым хуэгъэкIуэдынукъым. Абы шэч къыщытетхьа зэман зэи къэхъуакъым, ауэ иджы дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI лъэхъэнэм ар ди нэгу щIэкIащ, хьэкъ тщыхъуащ. Нобэ зауэ губгъуэм ит ди щIалэхэр, дэнэ щыщми сыт хуэдэ лъэпкъми емылъытауэ, зэрызэджэжыр «къуэшщ». Абы куэд къыбжеIэ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр щыIэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьми упэлъэщынущ, къэралри зэпIэзэрыту, мамыру щытынущ. Ар куэдрэ шэсыпIэ тхуэхъуа Iуэхугъуэщ. Зэкъуэтыныгъэр псалъэ къызэрыгуэкIкъым, ар къару лъэщщи, абы дытевгъэлажьэ, - жиIащ Хьэутий.

Сэхъурокъуэм дыщIигъуащ «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэр ди Хэкум и къэкIуэнур къызыфIэIуэху цIыху цIэрыIуэхэр, гуащIафIэхэр зэхуэзышэс зэгухьэныгъэу зэрыщытыр. Абы и къалэн нэхъыщхьэр къэрал, щIыналъэ унафэщIхэмрэ жылагъуэмрэ гъунэгъу зэхуэщIынырщ, хабзэр зыубзыхухэм, мамырыгъэр зыухуэхэм яхэтынырщ. Абы ипкъ иткIэ, ассамблеем Iуэху гъэщIэгъуэн куэд ирегъэкIуэкI, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» урысейпсо саугъэтырщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 4,**
*щэбэт*

♦ **Интернетым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Компьютерыр зэтезыухуэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **1933** гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦ **1896 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм я къекIуэкIыкIам теухуа лэжьыгъэ куэд зиIа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Кокиев Георгий**.

♦ **1949 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, Абхъаз Республикэм и етIуанэ президенту щыта, АР-м и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей**.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыжь МулиIэт**.

♦ **1966 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумыкъу Iэуес**.

♦ **1980 гъэм** къалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Нартокъуэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 5,**
*тхьэмахуэ*

♦ **Гъэсэныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **1905 гъэм** Курп Ищхъэрэ къуажэм и мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.

♦ **1943 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюэром унафэ къищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.

♦ **1956 гъэм** къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **ПIаз Сергей**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 6,**
*блыщхьэ*

♦ **Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**

♦ **УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦ **Урысейм щагъэлъапIэ Геологым и махуэр**

♦ **1937 гъэм** къалъхуащ дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис**.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий**.

♦ **1941 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **АбытIэ Хъызыр**.

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд**.

♦ **1958 гъэм** къалъхуащ физикоматематикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкIуэн Мурат**.

♦ **1963 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Джэш Рахьмэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

***Къытхэхъуащ***

***Вэсэмахуэ*** республикэм къыщалъхуащ сабий 21-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 8-р щIалэщ.

***Дыгъуасэ*** - сабий 27-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 75-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2379-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**УкIытэр щагуэшым дурэшым дэсащ.**

## Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!




# Алийрэ КIунэрэ зэхуашэс

**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 1-м, Ауанымрэ гушыIэмрэ я махуэм, щекIуэкIащ УФ-м и цIыхубэ артистхэу ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ я цIэкIэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ Кавказ Ищхъэрэ фестивалыр. Ар ирагъэкIуэкIащ республикэм и артистхэу Мизиев Iэубэчыррэ Чыхумахуэ ФатIимэрэ.**

ПШЫХЬЫМ щыщIидзэм экранымкIэ къатащ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ щыджэгуа спектаклхэм («ЩIыщIэ къэIэта», «ТIатIушэрэ СатIурэ») щыщ пычыгъуэхэр, артистхэм я сурэтхэр.

Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм щыщ, гушыIэ жанрым и артист цIэрыIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ я пащхьэм щагъэлъэгъуащ я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр. Утыкур чэзууэ ягъэбжьыфIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрхэм, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым я артистхэм, КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алим. Гъэ къэси хуэдэу, фестивалым я гуапэу зыкъыщагъэлъэгъуащ гъунэгъу щIыналъэхэм къикIа хьэщIэхэми: Лермонтовым и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым (Шэшэн Республикэ), «Амран» щIалэгъуалэ театрым (Осетие Ищхъэрэ - Алание) я артистхэм, УФ-м и цIыхубэ артист Зыхьэ Заур (Адыгэ Республикэ) . Пшыхьым щагъэлъэгъуащ гушыIэкIэ гъэнщIа спектаклхэр. Псом хуэмыдэу зэхуэсахэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и «Амран» щIалэгъуалэ театрым и артистхэм я гушыIэкIэр: Урысейм, Италием, Германием, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэхэм зэрызыпащIыжар.

- ЩIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр фестивалым дызэрызэхуишэсар гуапэщ! ФIыщIэ яхуэфащэщ ар къызэзыгъэпэщахэм. Дэтхэнэ зы унагъуэми гуфIэгъуэ, гуапагъэ, мамырыгъэ илъу, гузэвэгъуэр фи мащIэу Тхьэм фигъэпсэу. Къэбэрдей-Балъкъэрри щIыналъэм щыпсэухэри фIыуэ фызолъагъу! - жиIащ Зыхьэ Заур.

Пэж дыдэу, гъэщIэгъуэнт Адыгейм щытраха, гушыIэ дахэ зыхэлъ нэтынхэу Заур къыздишар. Ахэр ятеухуат илъэс 20-м щIигъукIэ бын пэплъа, мэлыжьыхьым и 1-м зэуэ бынитху къызыхуэхъуа унагъуэм, а хъыбар гуфIэгъуэр псынщIэу щIыналъэм и телевиденэмкIэ къызэратам. НэгъуэщI Iуэхут транспорт налогым, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат уасэхэр зэрылъапIэм теухуар.

- Илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, си щIалэгъуэм ирагъэжьа мы фестивалым зэрысщIэжрэ сыхэтщ, саугъэтхэри къыщысхьауэ щытащ. ЦIыху щэджащэ, артист цIэрыIуэ Алийрэ КIунэрэ зэпымыууэ зэгъусэу сценэм щыджэгуащ. Ахэр зыхэмыта спектакль Адыгэ театрым игъэлъэгъуауэ сщIэжыркъым. Зэпымыууэ цIыхубэр ягъэгуфIэу, ягъэгушхуэу щытащ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Ноби нэрылъагъущ ди театр утыкур зыгъэдахэу щыта цIыху гуапэхэр бэм зэращымыгъупщэр. Ауанымрэ гушыIэмрэ я махуэмкIэ псоми сынывохъуэхъу! Фестивалым етIанэгъи тыщIэнущ.

Министрым фестивалыр зыгъэбжьыфIа артистхэм хуагъэфэща фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр яритыжащ.

- Лъэпкъым и набдзэ, дызэрыгушхуэ артистышхуэхэу Алийрэ КIунэрэ сцIыхуу зэрыщытам, я джэгукIэр зэрыслъэгъуам сринасыпыфIэщ, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алим.

Шэшэн Республикэм Лермонтовым и цIэр зезыхьэ и Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщI Осмаевэ Заретэ къыхигъэщащ лъэпкъ гушыIэм ахэр зэрызэригъэцIыхур, Iуэхуфl зэдащIэнымкIэ зэрыщхьэпэр, гузэвэгъуэ куэд дунейми гъащIэми къыщыхъуми, гушыIэр цIыхубэм зэраIэпэгъур, фIым зэрыщыгугъыр.

Фестивалым и хьэщIэхэм жаIащ гъэ къэс зэхыхьэм я гуапэу зэрыхэтыр, дяпэкIи абы пащэну, ауанрэ гушыIэрэ фIыуэ зылъагъу цIыхубэр иджыри ягъэгуфIэну зэрамурадыр.

Фестивалыр, дапщэщи хуэдэу, нэгузыужьт икIи щIэщыгъуэт. Пшыхьыр ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Еуаз Азэмэт, Щокъуий Муратрэ Дау Iэминэрэ, цIыхубэ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Шардан» ансамблым, нэгъуэщIхэми.

Мизиев Iэубэчыррэ Чыхумахуэ ФатIимэрэ иджыри зэ кIэщIу тепсэлъыхьыжащ Алийрэ КIунэрэ я гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

УФ-м и цIыхубэ артист, театрымрэ киномрэ я актёр ТIыхъужь Алий (1917 - 1995 гъгъ.) Москва Луначарскэм и цIэр зезыхьэ театр институтыр къыщиухыу къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылэжьащ. Алий и гъащIэр хуэгъэпсауэ щытащ театр гъуазджэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьэным. Ар щыджэгуащ «Шарф любимой, «Герой нашего времени», «Всадник с молнией в руке» фильмхэм.

УФ-м и цIыхубэ артисткэ ДыщэкI КIунэ (1917 - 2003 гъгъ.) ди лъэпкъ театрыр зэфIэзыгъэувахэм, абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщщ. ДыщэкI КIунэ къэзымыцIыху республикэм къигъуэтэгъуейт. 1931 гъэм илъэс 14 ныбжьым иту ар Псыхуабэ ягъэкIуащ библиотекэ лэжьыгъэм щыхурагъаджэ курсхэм. ЕджакIуэхэм папщIэ абы къыщызэрагъэпэща драмкружокым жыджэру хэтащ КIунэ. ДыщэкIыр щеджар Налшык къалэ дэт театр студиеращ. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс 60-м щIигъукIэ щылэжьа бзылъхугъэм роль 250-м щIигъу игъэзэщIащ, «Лавина с гор», «Всадник с молнией в руке», нэгъуэщI кинофильмхэми щыджэгуащ. СССР-м и Театр щIэнгъуазэм иратхащ ДыщэкI КIунэ и цIэр. Театрым къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьыгъэхэри игъэзэщIащ ДыщэкIым. Ар КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ хахащ.

ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ я цIэхэр зезыхьэ театр фестивалыр Ауанымрэ гушыIэмрэ я махуэм ирихьэлIэу илъэс 30-м щIигъуауэ Налшык къыщызэрагъэпэщ. Республикэм, гъунэгъу щIыналъэхэм я театрхэм я артистхэр абы зэрыхэтыр и щыхьэтщ ди лъэпкъэгъу артист щэджащэхэм я цIэр драмэ гъуазджэм и тхыдэм къызэрыхэнам, абыхэм я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, я утыку итыкIар цIыхубэм зэращымыгъупщэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЩIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэзытIэщI

**● Махуэгъэпс**

**ЩIы щIагъым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэнымкIэ еш жыхуаIэр зымыщIэ IэщIагъэлI-щIэныгъэлIхэущ геологхэр къызэралъытэр я цIэр зэхэзыххэм я нэхъыбэм.**

ИпэжыпIэкIи, а цIыху емызэшыжхэрщ къырылъэ щIыпIэхэмрэ мывалъэхэмрэ щIэзыпщытыкIыу, жылагъуэр зыхуэныкъуэ хъугъуэфIыгъуэхэр здэщыIэнкIэ хъуну зыхуагъэфащэ щIыпIэхэр зыхуэдэр зэхэзыгъэкIхэр.

ЩIыгуу иIыгъыр зэрыиныщэр къэтлъытэмэ, Урысей Федерацэм геологхэр лэжьыгъэншэ зэрыщымыхъури нэрылъагъущ. Абыхэм зызрапщыт щIыгухэм куэду яхэтщ цIыху дахэ-дахэу зэрымысхэри. Ари я щхьэусыгъуэу, зи гугъу тщIы IэщIагъэлIхэр зытехьэ гъуэгуанэм махуэ бжыгъэ щрагъэхь къохъу, щызекIуэм къалэ дэнэ къэна, я нэхъ къуажэ цIыкIуи щаримыхьэлIэу. Апхуэдэ зэман гъэкIуэкIэм ахэр зэреджэр «губгъуэ сезонщ». Пэжщ, жылагъуэ гъащIэм дежкIэ хуабжьу щхьэпэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэзыхутэхэм нэмыщI, мы унэтIыныгъэр куэду хуэныкъуэщ къаулъэпхъэщар зищIысыр зэхэзыгъэкI, зыдж щIэныгъэлIхэми.

## Тхыдэм щыщу

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр къэбгъэсэбэп зэрыхъунум ижь-ижьыжкIэрэ ди планетэм щыпсэуа цIыхухэми гу лъатат. Геологие щIэныгъэм ехьэлIа сатырхэм дащрохьэлIэ алыдж еджагъэшхуэхэу Пифагоррэ Аристотелрэ къызэранэкIа я тхыгъэхэми, щIэныгъэм а и къудамэми хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, философ, сурэтыщI, тхакIуэ цIэрыIуэ Леонардэ да Винчи и лэжьыгъэхэми.

Арщхьэкlэ, къыхэгъэщыпхъэр аращи, геологие щIэныгъэм зиужьын щыщIидзар щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм цIыхухэр нэхъ хуэныкъуэ щыхъуа XVIII лIэщIыгъуэрщ. Ауэрэ дунейм къытехьащ геологием пыщIа IэщIагъэхэри.

Урысейм геолог IэщIагъэр къыщыгъэунэхунымкIи щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ къэрал IуэхущIапIэ псо къыщызэгъэпэщынымкIи япэу унафэ щызыщIауэ щытар пащтыхь Пётр Езанэрщ. Ар къыщыхъуар 1700 гъэращ.

1966 гъэм КъухьэпIэ Сыбырым къыщагъуэтащ щIыдагъэрэ газрэ куэдыщэу здэщыIэ щIыпIэ.

ИкIи, Академик Яншин Александр зи пашэ гупым я жэрдэмкIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым гъатхэпэм и 31-м къищта Унафэм тету, а илъэс дыдэм мэлыжьыхьым и япэ тхьэмахуэр Геологым и махуэу ди къэралым щагъэуващ.

## Хабзэ зэрыхъуауэ

Ар ягъэлъапIэ геофизикхэм, геохимикхэм, геоморфологхэм, шахтэ кIуэцIхэм щылажьэхэм, бгыхэм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным зи IэщIагъэр тезыухуа инженерхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм, абыхэм я гъэсакIуэхэм.

Геологым и махуэм ипэ къихуэу, зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм епха IуэхущIапIэлъэщапIэхэм гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къыщызэрагъэпэщ. Абыхэм лэжьакIуэ нэхъыфIхэм я цIэхэр къыщраIуэ, нэхъ къахэжаныкIахэм ЩIыхь тхылъхэмрэ тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ират.

## ГъэщIэгъуэнщ

- ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, ЩIы Хъурейм илъэс меларди 4,5-м нэблагъэ и ныбжьщ.

- Кольскэ хытIыгуныкъуэм щыпхаугъуэныкIа мащэ нэхъ ин дыдэм километр 12,26-рэ и кууагъщ. Абы и лъабжьэм пщтырагъыр градус 220-м щынос.

- Антарктидэм щыIэ Эребус мафIэбгыр бахъэ къихупIэщ. ПсыIагъэм и жахуэхэр щIым къызэрытехьэу мэщт, асыхьэту мыл щохъури, абдеж дыдэм къаткъатурэ щызэтрещIэ.

- Тыркумэн къэралыгъуэм и Дарваз кратерым цIыхухэр «жыхьэнмэм и бжэкIи» йоджэ. 1971 гъэм абдежым геологхэм щIыр щаубрум бгъуэнщIагъ кууущэ къыщыщIагъэщащ. Гъуэжлау абрагъуэм кърихуу щIэзыдза гъуэзыр, цIыхухэм я узыншагъэм дежкIэ зэрану къалъытэри, щIым и щхьэфэм къамыгъэсын щхьэкIэ абы мафIэ ирадзащ. Ар мыункIыфIыжауэ иджыри къыздэсым маблэ.

Мы зэманым Геологым и махуэр щагъэлъапIэ СССР-м хыхьэу щыта языныкъуэ къэралхэми.

Дызытепсэлъыхь IэщIагъэ-щIэныгъэм нэхъ пэгъунэгъухэм ящыщт тхакIуэу икIи геолог Iэзэу щыта, къыщикIухьахэм зыхэта-щилъэгъуахэм къахищыпыкIыу, роман удэзыхьэх зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа, геологие-минералогие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Корчагин Владимир.

Геологхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр къозыгъащIэщ Куваев Олег «Территория» зыфIища и романри.

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*



## Мэрем, мэлыжьыхьым и 10

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00**, **17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос». Новый сезон. Прямой эфир (12+)
**23.55** Х/ф «ВИКИНГ» (18+)
**02.15** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **16.30**, **20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Удивительные люди. Новый сезон» (12+)
**00.10** Х/ф «САЛЮТ-7» (16+)
**02.15** Д/ф «Салют-7. История одного подвига» (16+)
**03.05** Х/ф «МОЙ ПАПА ЛЕТЧИК» (16+)

### НТВ

**04.35**, **09.25**, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00** «Сегодня»
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.50** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ЧЕРНОЕ СОЛНЦЕ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.05** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.00** Х/ф «ВЫЙТИ ЗАМУЖ ЗА ГЕНЕРАЛА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05** Т/с «ПОКУШЕНИЕ» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.10** «Любовь на линии огня» (16+)
**10.35** «Специальный репортаж» (16+)
**11.05** «По горячим следам» (16+)
**11.25**, **13.25** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**14.50**, **15.05**, **17.15** Т/с «НА РУБЕЖЕ. ОТВЕТНЫЙ УДАР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Станислав Петров. Он спас мир от ядерной войны» (12+) (Со скрытыми субтитрами)
**20.30** Д/с «Война миров» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.55** Х/ф «ДЕРЕВЕНСКИЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)
**02.20** Х/ф «АНИСКИН И ФАНТОМАС» (16+)
**04.30** Х/ф «ГОСТЬ С КУБАНИ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Библейский сюжет
**07.50** Х/ф «ЦЫГАН» (16+)
**09.15** Д/ф «Дочери первых космонавтов»
**10.00**, **12.30**, **17.00**, **19.30**, **00.00** Новости культуры
**10.20** Шедевры старого кино
**11.30** Д/ф «Роман в камне»
**12.00** Открытая книга
**13.00** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**13.30** Х/ф «ЦЫГАН» (16+)
**14.55** Д/ф «Скажи мне, Новгород...»
**15.50** Энигма
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Д/ф «Замечательный век моей жизни. Вячеслав Бровкин»
**18.15** Царская ложа
**19.00** Библейский сюжет
**19.45** Д/ф «Дочери первых космонавтов»
**20.30** Д/ф «Крест»
**22.10** Т/с «СОЛНЕЧНЫЙ УДАР» (16+)
**23.10** «2 Верник 2»
**00.15** Х/ф «СТАРЕЦ ПАИСИЙ И Я, СТОЯЩИЙ ВВЕРХ НОГАМИ» (16+)
**01.40** Д/с «Искатели»
**02.25** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** «Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет» (12+)
**07.00**, **09.00**, **12.55** Новости
**07.05**, **11.35**, **19.00**, **21.35**, **01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Небесная грация» (6+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**10.00** «Дело №» (16+)
**10.30** Смешанные единоборства. И. Прохазка - А. Ракич. UFC. Трансляция из США (16+)
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.15** Хоккей. Благотворительный матч с участием легенд хоккея. Прямая трансляция из Норильска
**16.15** Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/4 финала. Прямая трансляция
**19.40** Баскетбол. ЦСКА - «Зенит» (Санкт-Петербург). Winline Basket Cup. Финал четырех. 1/2 финала. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**21.50** Футбол. «Реал» (Мадрид) - «Жирона». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.00** Евротур (12+)
**02.00** Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. 1/2 финала (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Смешанные единоборства.

## Щэбэт, мэлыжьыхьым и 11

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00**, **12.00** Новости
**10.15** «Хочется праздника. «А Великий день идет» (12+)
**11.10** «Вспомнить все» (12+)
**12.15** «Рокот космодрома» (12+)
**13.10** Д/ф «Крещение Руси» (12+)
**16.00** «Князь Владимир». Николай Расторгуев, Шаман в этно-рок-опере Игоря Матвиенко (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.30** Пасха Христова. Прямая трансляция богослужения из Храма Христа Спасителя

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.50** Вести. Местное время
**15.10** Д/ф «Три дня Юрия Гагарина. И вся жизнь» (12+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**21.15** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «РОЗЫ НА СТЕКЛЕ» (16+)
**23.30** «Пасха Христова». Прямая трансляция Пасхального богослужения из Храма Христа Спасителя

### НТВ

**04.50** Х/ф «МУЖ ПО ВЫЗОВУ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (0+)
**08.00**, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
**08.20** «Неограниченные возможности» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Сатья» (16+)
**14.00** «Поедем, поедим!» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.20** «Секрет на миллион» (16+)
**23.45** Х/ф «СЕМЬ ДНЕЙ ПЕТРА СЕМЕНЫЧА» (16+)
**01.35** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
**02.35** «Дачный ответ» (0+)
**03.30** Х/ф «ДАЛЬНОБОЙЩИК» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.40** Х/ф «БОЛЬШОЕ КОСМИЧЕСКОЕ ПУТЕШЕСТВИЕ» (16+)
**07.00** Х/ф «СИЦИЛИАНСКАЯ ЗАЩИТА» (16+)
**09.00**, **13.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Мужики» (16+)
**11.35** «Легенды искусства» (12+)
**12.00** «Народный ВПК». Д/с (12+)
**12.30**, **13.20** Х/ф «ВИЖУ ЦЕЛЬ» (16+)
**15.45** Х/ф «ИСПЫТАТЕЛЬНЫЙ СРОК» (16+)
**18.00**, **19.25** Т/с «НА РУБЕЖЕ. ОТВЕТНЫЙ УДАР» (16+)
**22.15** Х/ф «ДВА ФЕДОРА» (16+)
**00.10** «Военная приемка. След в истории». «Ушаков. Адмирал Божьей милостью» (12+)
**01.00** Х/ф «КОГДА ДЕРЕВЬЯ БЫЛИ БОЛЬШИМИ» (16+)
**04.05** Д/с «Шедевры военных музеев» (12+)

### РОССИЯ К

**06.30** Библейский сюжет
**07.05** М/ф «Мультфильмы»
**07.45** Х/ф «НАША ДАЧА» (16+)
**09.10** Д/с «Проповедники»
**09.50** Мы - грамотеи!
**10.35** Х/ф «СТАРЕЦ ПАИСИЙ И Я, СТОЯЩИЙ ВВЕРХ НОГАМИ» (16+)
**11.55** Д/с «Проповедники»
**12.35** Д/с «Земля людей»
**13.05** Больше чем любовь
**13.45** Эрмитаж
**14.15** Д/с «Заповедное»
**15.00** Д/с «Проповедники»
**15.40** Рассказы из русской истории
**16.40** «Острова»
**17.20** Х/ф «ЦЕЛЬ ЕГО ЖИЗНИ» (16+)
**18.45** Д/с «Проповедники»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Д/ф «Дочери первых космонавтов»
**20.25** Х/ф «ПОЗДНЯЯ ЛЮБОВЬ» (16+)
**22.55** Й. Гайдн. Оратория «Семь последних слов Христа». Государственный камерный оркестр «Виртуозы Москвы». Дирижер - Владимир Спиваков
**00.15** Лето Господне
**00.45** Х/ф «ИСПЫТАНИЕ ВЕРНОСТИ» (16+)
**02.40** М/ф «Архангельские новеллы»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**07.30**, **09.00**, **12.55** Новости
**07.35**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **21.30**, **00.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет» (12+)
**11.50** Футбол. FONBET. Кубок России. Обзор (6+)
**13.45** Футбол. «Крылья Советов» (Самара) - «Ахмат» (Грозный). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**16.15** Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/4 финала. Прямая трансляция
**19.20** Футбол. «Барселона» - «Эспаньол». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**21.50** Футбол. «Севилья» - «Атлетико». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.25** Матч! Парад (16+)

## Тхьэмахуэ, мэлыжьыхьым и 12

### 1

**06.00**, **10.00**, **12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая! (12+)
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная Лотерея (12+)
**10.15** Д/ф «На Соловки за чудом» (12+)
**11.10** Д/ф «Первый отряд космонавтов» (12+)
**12.15** Д/ф «Гагарин. Человек, сошедший с небес» (12+)
**13.10** Д/ф «Путь Христа» (0+)
**14.55** Х/ф «УКРОЩЕНИЕ ОГНЯ» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** Концерт ко Дню космонавтики (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.30** Х/ф «ПОД ДОЖДЕМ НЕ ВИДНО СЛЕЗ» (16+)
**07.20** «В кругу друзей»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00** Вести
**11.55** Х/ф «ЛИДИЯ» (16+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** День космонавтики. Торжественный концерт на космодроме Байконур
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**04.55** Х/ф «ИСКУПЛЕНИЕ» (16+)
**06.40** «Центральное телевидение» (16+)
**08.00**, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
**17.00** «Скандалы. Интриги. Расследования» (16+)
**18.00** «Новые русские сенсации» (16+)
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Маска». Новый сезон (12+)
**23.40** «Звезды сошлись» (16+)
**01.15** Д/ф «Космические одиссеи» (12+)
**02.25** Х/ф «СПАСАЙСЯ, БРАТ!» (16+)

### ЗВЕЗДА

**04.50** Х/ф «ИСПЫТАТЕЛЬНЫЙ СРОК» (16+)
**06.35** Х/ф «ГЛАВНЫЙ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Иван Шалов (12+)
**11.30** «Легенды армии с Александром Маршалом». Виталий Миньков (12+)
**12.20** Д/с «Война миров» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого» (16+)
**14.50** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.40** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**16.30** Загадки века с Сергеем Медведевым». «Владимир Александров. Тайна исчезновения ученого» (12+)
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой (16+)
**19.40** Д/с «Легенды советского сыска. Годы войны» (16+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.55** Х/ф «ВИЖУ ЦЕЛЬ» (16+)
**02.35** Х/ф «КОГДА ДЕРЕВЬЯ БЫЛИ БОЛЬШИМИ» (16+)
**04.10** Д/с «Шедевры военных музеев» (12+)

### РОССИЯ К

**06.30** Х/ф «ИСПЫТАНИЕ ВЕРНОСТИ» (16+)
**08.25** М/ф «Девочка и дельфин»
**08.40** Тайны старого чердака
**09.10** Х/ф «ВЫШЕ РАДУГИ» (16+)
**11.35** Д/ф «Верхняя точка»
**12.20** Концерт Государственного академического ансамбля народного танца имени Игоря Моисеева
**13.20** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.00** М/ф «Тайна третьей планеты»
**14.55** Х/ф «НЕОКОНЧЕННАЯ ПОВЕСТЬ» (16+)
**16.30** Картина мира с Михаилом Ковальчуком
**17.10** Пешком...
**17.40** Д/ф «Эстрада, которую нельзя забыть»
**18.25** Х/ф «ТАК НАЧИНАЛАСЬ ЛЕГЕНДА» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Д/ф «Дочери первых космонавтов»
**20.30** Х/ф «БЕРЕГИСЬ АВТОМОБИЛЯ» (16+)
**22.00** Романтика романса
**23.25** Х/ф «ВЫШЕ РАДУГИ» (16+)
**01.50** Д/с «Заповедное»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. И. Прохазка - К. Олберг. UFC. Прямая трансляция из США
**07.00** Бокс. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США
**10.45** «Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет» (12+)
**12.55** Новости
**13.00**, **15.55**, **01.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**13.55** Баскетбол. Winline Basket Cup. Финал четырех. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**16.15** Футбол. «Ростов» (Ростов-на-Дону) - «Спартак» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**18.30** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Краснодар». МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**21.40** Футбол. «Комо» - «Интер». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**23.45** «После футбола» с Георгием Черданцевым
**01.10** Новости (0+)
**02.25** Гандбол. Россия - Белоруссия. Кубок Победы. Женщины. Трансляция из Волгограда (6+)

### ОТР Общественное телевидение России

**Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 6**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Телефон, интернет гъэпцIакIуэхэр» (12+)
**6.30** «Аккизов Екъуб. Си гур бгымкIэ щыIэщ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Дыкъэзыухъуреихь дунейр тхъумэу» (12+)
**7.25** «Партитура» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Узыншагъэр хъумэн» (12+)
**8.35** ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Шагъдий». Телевизионнэ фильм (12+)
**17.25** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.40** «IэщIагъэлIым и щIэин». КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ткаченкэ Андрей (12+)
**18.20** «Къалэным хуэпэжу» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, мэлыжьыхьым и 7**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» (12+)
**6.20** «IэщIагъэлIым и щIэин». КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ткаченкэ Андрей (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ракурс». Iэгъэбэгухэм ятеухуауэ (12+)
**7.35** «Къалэным хуэпэжу» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «КъызыхуигъэщIа Iуэхур» (12+)
**8.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**17.40** «Браконьерские сети» (12+)
**18.05** «Маэстро». РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист Темыркъан Борис (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 8**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЕхъулIэныгъэ». Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмк Iэ и къэрал институтым хыхьэ щэнхабзэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым и унафэщI Шэрыб Валерэ (12+)
**6.35** «Браконьерские сети» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Тверь къалэ (12+)
**7.20** «Маэстро». Темыркъан Борис (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**8.40** «Зэпсэлъэныгъэ». Къумахуэ Элинэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. Кулиев Къайсынрэ Пастернак Борисрэ зэхуатха тхыгъэхэр (12+)
**17.35** «ГъащIэ къущIитар IуэхуфI блэжьын папщIэщ» (12+)
**18.05** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, мэлыжьыхьым и 9**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**6.35** 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. Кулиев Къайсынрэ Пастернак Борисрэ зэхуатха тхыгъэхэр (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «И IэщIагъэкIэ журналистщ». Мэрем Задин (12+)
**7.30** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ГъащIэ къущIитар IуэхуфI блэжьын папщIэщ» (12+)
**8.40** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу» (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Ракурс». Налшык къалэ и фэеплъ щIыпIэхэр (12+)
**17.30** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.55** «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» (12+)
**18.30** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, мэлыжьыхьым и 10**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**6.25** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и гъащIэмрэ и творчествэмрэ ятеухуауэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ракурс». Налшык къалэ и фэеплъ щIыпIэхэр (12+)
**7.25** «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**8.35** «Партитура» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Прокофьев С. «Кабардинский квартет» (12+)
**17.30** «ТВ-галерея». УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Мариannэ. Япэ нэтын (12+)
**18.05** «Зэманымрэ цIыхумрэ». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Тепляков В. (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, мэлыжьыхьым и 11**

**6.00** Налшык къалэ IэмалыщIэхэр къыщагъэщхьэпэ и библиотекэхэм ятеухуауэ (12+)
**6.30** «Зэманымрэ цIыхумрэ». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Тепляков В. (12+)
**7.10** «Лъэпщ и щIэблэхэр». Адыгэ Iэщэ (12+)
**8.05** «ТВ-галерея». УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Марианнэ. Япэ нэтын (12+)
**8.40** Прокофьев С. «Кабардинский квартет» (12+)
**17.00** «Сабийхэм я гум фыдыхьащ». КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ Дэбагъуэ Барэсбий теухуауэ (12+)
**17.55** «Уахътыншэ». ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу
**18.25** Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Энеев Тимур теухуауэ. Япэ Iыхьэ (12+)

**Тхьэмахуэ, мэлыжьыхьым и 12**

**6.00** «Скрипач». Абей СултIанбэч (12+)
**6.25** «Сабийхэм я гум фыдыхьащ». КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ Дэбагъуэ Барэсбий теухуауэ (12+)
**7.25** Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Энеев Тимур теухуауэ. Япэ Iыхьэ (12+)
**8.00** Тома Р. «8 любящих женщин». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «IутIыж махуэ» (12+)
**17.15** «Хьэрш». Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Энеев Тимур. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.50** «Жырыкъ Юрэ и ракетэ гъэлъэтапIэхэр» (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

# КЪБР-м и РАДИО

Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 6

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.35 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
2.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
6.45 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
8.40 - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
11.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.25 - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
11.48 - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
12.35 - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.25 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
17.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.48 - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
18.35 - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.40 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
22.00 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - 24.00 «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

Гъубж, мэлыжьыхьым и 7

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.25 - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.20 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.05 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
10.50 - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
11.30 - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
12.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
12.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
16.05 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
17.05 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.35 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
18.05 - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
18.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
22.30 - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 8

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.35 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.20 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
4.00 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.30 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
11.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.30 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.20 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
14.40 - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.50 - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
16.20 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
17.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Салам алейкум» (урысыбзэкIэ)
18.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
22.00 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Махуэку, мэлыжьыхьым и 9

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
00.30 - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.35 - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
4.10 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
4.50 - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.30 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.20 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
9.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.15 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ)
11.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
12.05 - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
12.30 - «Макъамэм и толькъунхэм» (урысыбзэкIэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
15.35 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.15 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.35 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
18.05 - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
18.30 - «Макъамэм и толькъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
22.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

Мэрем, мэлыжьыхьым и 10

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.10 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
8.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
12.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Щэбэт, мэлыжьыхьым и 11

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толькъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толькъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхьэмахуэ, мэлыжьыхьым и 12

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толькъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толькъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Сыт хуэдэ жэрдэмми уасэ иIэщ

● Ди псэлъэгъухэр



***Къэбэрдей-Балъкъэрым къалэн куэд щагъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым иджыблагъэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэ щекIуэкIащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ архитектурэм и зыужьыныгъэ» фIэщыгъэр зыгъуэта а зэхуэсым жылагъуэхэм я щыIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхугъуэ куэд къыщаIэтащ. Туризмэм къыщыщIэдзауэ хэгъэгум ит къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я зэхуакум дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъыбэ щIын зэрыхуейм щыщIэкIыжу зэIущIэм кърихьэлIахэм къыхалъхьа пэхуэщIэхэр унэтIыныгъэипщIым кърагъэтIасэри, дэтхэнэми хэлъ фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ ирипсэлъащ, лъэныкъуэ куэдкIэ щIапщытыкIащ.***

IУЭХУГЪУЭ къэс щыIэ еплъыкIэхэмрэ Iэмалхэмрэ зэпэлъытынырт, дэтхэнэми ехьэлIауэ къэрал къулыкъущIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм яхузэфIэкIынур зыхуэдизыр зэщхьэщыхынырт зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэу щытыр. Апхуэдэу я Iуэху еплъыкIэхэр пэIудзауэ къагъэлъэгъуащ Урысейм и къулыкъущIапIэхэм я IэщIагъэлI-экспертхэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБКъУ-м менеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIэ хуэIухуэщIэхэмкIэ и институтым и унафэщI, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент Лыджыдэ Рэмэзан. Абы къыхилъхьа пэхуэщIэр зытеухуар Тырныауз къалэм и зыужьыныгъэрт, иIэ мыхьэнэм елъытауи, унэтIыныгъэ щхьэхуэ хъуат. Лыджыдэ Рэмэзан зыхэт гупым къыхалъхьа пэхуэщIэм къиIэтырт Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхуну къакIуэхэм я нэгузыужьыпIэхэм Тырныауз къалэри зэрыхрагъэубыдэнум и Iэмалхэр, къалэм и щIыпIэхэр туризм хуэIухуэщIэхэм телажьэу зэрагъэпсынум и хэкIыпIэхэр. ХэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, къыхалъхьа пэхуэщIэхэм илъэсым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелард 15-м нэблагъэ хэхъуэу къритынущ. Нэхъыфlу къыхагъэщахэр «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым щагъэлъэгъуэнущ. Ар накъыгъэ мазэм екIуэкIынущ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхуакIуэ кIуэхэм дежкIэ къызэрыгуэкI къэувыIэпIэу щыт, транзит мыхьэнэ нэхъыбэ зимыIэ Тырныауз къалэр туризмэм и центр зэрыпщIыфынум шэщIауэ тедгъэпсэлъыхьащ Лыджыдэ Рэмэзан.

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ архитектурэм теухуауэ иджыблагъэ жэрдэм гъэщIэгъуэн къыщыхалъхьэри, абы зэхуэси иращIэкIыжащ. Сыт а Iуэхугъуэм къежьапIэ хуэхъуар, Рэмэзан?**

– Пэжыр жыпIэмэ, Iуэхум и зэхэублакIуэ хъуар КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекщ. Абы и жэрдэмкIэ ди щIыналъэм и къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэхэм унафэ щызехьэнымкIэ я IуэхущIапIэхэмрэ жылагъуэхэм я архитектурэм и зыужьыныгъэм ехьэлIа бгъэдыхьэкIэхэр хаухуанэу хуежьащ. А жэрдэмым къврикIуэн хуейр нахуэщ: къалэхэми къуажэхэми я псэукIэр къэзыIэт, цIыхугъэм я тыншыгъуэр къызэзыгъэпэщ пэхуэщIэхэр куэду къыщыхалъхьэн, а Iуэхугъуэм щIыпIэхэм щыпсэухэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, жыджэру къыхэшэн хуейщ.

**- Стратегие мыхьэнэ зрата зэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм абы хэтахэм сыт хуэдэ къалэн я пащхьэ кълалъхьар?**

- Псом япэрауэ, щIыналъэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуипщIым нэблагъэ къыхэгъэщын хуейт. Абы иужькIэ ахэр лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэпкърыхауэ гъащIэм хэпща зэрыхъунумкIэ хэкIыпIэхэр къэгъэлъэгъуэн, щIыналъэм и къэкIуэнум зэрытелэжьэну щIыкIэхэри Iэмал имыIэу убзыхун хуейт. ЗэIущIэм хэтахэм яхузэфIэкI къагъэнакъым къалэхэм, къуажэхэм, щIыпIэхэм я зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр IупщIу икIи зэхэщIыкIыгъуэу къэпщытакIуэхэм я пащхьэ иралъхьэн папщIэ. Абыхэм псоми зы купщIэт яIэр: цIыхум и тыншыгъуэмрэ псэуныгъэмрэт.

**- Хэт зи гугъу пщIа унэтIыныгъэхэм хэтар?**

- УнэтIыныгъэ щхьэхуэхэм елэжь гупхэм цIыху плIырыплI-тхурытху хэтт. Ахэр псори Iэнэ щхьэхуэ-щхьэхуэ бгъэдэсу я пэхуэщIэхэм елэжьырт. Гуп къэс хэтт щIыпIэхэм унафэ щызехьэнымкIэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэр. ЗэрынэрылъагъущI, Iуэхугъуэ къэс хэлъ фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ щIэзыпщытыкIын цIыху гупхэм яхэтт. КъэтIэт Iуэхугъуэхэм яхэтт къуажэхэр туризмэм епха щIыпIэ хъуныр, библиотекэхэм я лэжьыгъэхэр абы хуэунэтIыныр, щэнхабзэ уардэунэхэм я программэхэр зыплъыхьакIуэхэм яхуэгъэпсыныр. ЗэрыжысIащи, сэ Тырныауз къалэм и зыужьыныгъэм теухуауэ пэхуэщIэхэм елэжьа гупым сыхиубыдащ.

**- Хэт сымэ уи гъусар?**

- Дэ цIыхуиплI дыхъурт. Абы хэтащ Тырныауз къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Афашоков Азэмэт, щIалэгъуалэ центрым и IэщIагъэлI Тез Аслъэн, КъБКъУ-м зыужьыныгъэмкIэ и центрым и лэжьакIуэ Берелидзе Зураб сымэ. Ди пэхуэщIэм илъэсым нэблэгъауэ долэжь. Абы щыщ Iуэхугъуэхэр «Лэжьыпхъэхэр - 2030» программэм ипкъ иткIэ нэгъабэ университетым и унафэщIхэм я пащхьэ къитлъхьауэ щытащ. Стратегие мыхьэнэ зыгъуэта мы зэIущIэм и курыхыр гурыIуэгъуэ хъуа нэужь, ди гуащIэдэкIым пщIэ зэригъуэтынур зыхэтщIащ. ЕтIуанэ лъэбакъуэ щытчынум деж, ди гупыр нэхъ ин хъунущ. Абы щыгъуэм дэ къедгъэблэгъэнущ лъахэхутэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ. Къалэтетым чэнджэщ къыдитащ «Турна» щIалэгъуалэ центрым и лэжьакIуэхэри пэхуэщIэм къыхэтшэну.

**- Сыт Тырныауз къалэм гулъытэ хэха щIыхуэпщIыр, Рэмэзан?**

- Жылагъуэ архитектурэм дыщытепсэлъыхьым деж зэхъуэкIыныгъэ куэд жэрдэмым къызэрырикIуэнур зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Абы къыхэкIыу Iуэхум щхьэхьу ухыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сыт хуэдэ гукъэкIми и щIыбагъ къэхутэныгъэшхуэхэр къыдэлъщ. Ди пэхуэщIэр къапщтэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щIыуэпсымрэ я щхьэхуэныгъэхэр къэтхутащ, дызыщыгугъ зыужьыныгъэр зэрызэщIэмыкIуэнум и хэкIыпIэхэр щIэтпщытыкIащ, цIыхумрэ жылагъуэмрэ ятещIэнкIэ хъуну хьэлъэр зыхуэдэр зэхэдгъэкIащ. Ди университетыр мы Iуэхум и шэщIакIуэ хъуфынущ, унафэ зэпэщ зыгъуэта бгъэдыхьэкIэхэр зи тегъэщIапIэ Iуэху щIэкIэхэр къыхилъхьэфынущ. Арыххэуи, дэркIэ Тырныаузыр жэрдэмхэр някъуэ мыхъуу, атIэ зэрыпсоуэ щыпхыдгъэкIыфын зы щIыпIэщ, цIыхухэм зыщаплъыхь хъун гъэщIэгъуэнхэр зи куэд екIуэлIапIэщ. ЖыхуэтIэхэр къыдэхъулIэмэ, ди щIэблэм тыншыгъуэмрэ дахагъэмрэ щызэхэт щIыпIэ зэгъэпэща къахуэдгъэнэфынущ.

**- Сыт хуэдэ нэщэнэ гъэщIэгъуэн Тырныауз къалэм дэплъагъур, абы бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ иIэн хуейуэ къэплъытэу, Рэмэзан?**

- Бгылъэхэм лъагэ дыдэу ит къалэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Тырныауз. Ар хым метр минрэ щищкIэ щхьэщыIэтыкIащ. Тырныауз къалэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ди щIыналъэм зыплъыхьакIуэ къакIуэ цIыху минхэр блож. Илъэс псор къапщтэмэ, а бжыгъэр мелуаным нэхърэ фIыуэ нэхъыбэщ. Жагъуэ зэрыхъунщи, къалэм и теплъэр туризмэм къигъэув Iуэхугъуэхэм жыжьэуи екIуалIэркъым, абы и гъэпсыкIэр дызыхуей мардэхэм аркъудей изагъэркъым. Зыужьыныгъэм и IуэхукIэ къалэм еплъыкIэ хэха хуаIэу щыткъым. Дэ дыхуейщ ди щIыналъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэу щыт Iуащхьэмахуэ къакIуэхэм дежкIэ къалэр турист къэувыIэпIэ хъуну, малъхъэдис къару хэтлъхьэу абы щыпсэухэми зыщIауэжьын гукъыдэж еттыну.

**- ИкIэм-икIэжым, зы гупсысэ гуэрым фыкъытеувыIа?**

- Гупым къыхилъхьа Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъыщхьэу къалъытаищым нэхъ дытепсэлъыхьащ. Япэр теухуат къалэмрэ и Iэгъуэблагъэмрэ гъуэгукIэ зэпыщIэным, а гъуэгур Iуплъэгъуафlэ щIыным, ар Iуащхьэмахуэ лъапэм екIуэлIэхукIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIыным. Зи гугъу сщIыр совет лъэхъэнэм ящIахэм я закъуэкъым, атIэ ухуэныгъэщIэхэри гъуэгущхьэIум къытегъэувэн зэрыхуейрщ. ЕтIуанэр «Тютюсу» фIэщыгъэр зиIэ медицинэ центрыр ухуэным ехьэлIащ. Бгылъэ щIыпIэхэр узыншагъэмкIэ щхьэпэщ. Ар къэзыгъэлъагъуэ медицинэ Iэмалхэр щызэрахьэ IуэхущIапIэ щыIэныр Iэмалыншэу къэтлъытащ. Ещанэр езы къалэдэсхэм къыхалъхьащ: «Эль-Джурт» щIыпIэм балъкъэрхэм я лъэпкъ щэнхабзэр щагъэлъагъуэ утыку къыщызэгъэпэщыныр. Iуэхугъуищми мультипликацие къару яIэнущ, дэтхэнэ зыми унэтIыныгъэ щэ нықъуэ иIэу гъэпсауэ щытынущ - цIыхухэр зыщыпсэуну хьэщIэщым къыщегъэжьауэ къешэкIыным щыщIэкIыжу Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыхалъхьэу. Ди мурадхэр къыддэхъумэ, цIыху куэд дыдэ лэжьапIэ IэнатIэкIэ къытхузэгъэпэщынут, щIалэгъуалэри хэкум имыкIыу ди деж къиднэжыфынут, щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа къалэн куэди зэщIа хъунут.

**- Совет лъэхъэнэхэм яухуа Тырныуз къалэм а блэкIам и фэр ираплъ хабзэщ. Мыр фащэ хъуа хуэдэу къокIуэкI. Ар дауэ хъуну?**

- Къалэм ираплъ фэм зыпхуемыгъэхъуэжыну щыткъым. Фащэри зэм-зэм мэлажьэ икIи къагъэщIэрэщIэж. ЯпэщIыкIэ Тырныауз къалэр хуэдэ къалэхэм къазэрыхэпцIыхукIыжын, зыми зэрахэмызэрыхьын дамыгъэрэ дизайн-нагъыщэрэ щыIэн хуейщ. ЗыплъыхьакIуэ къакIуэхэр къыщыувыIэкIэ, шхапIэ е къэхьэуэ ефапIэ щыщIыхьэкIэ, а дамыгъэхэр тетыпхъэщ. Зи гугъу тщIа дамыгъэри лъэпкъ щэнхабзэм телажьэу, сурэт зытехыпIэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щыту, арт-унапIэхэр къалэмрэ и Iэгъуэблагъэхэмрэ хэпхъауэ иту гъэпсыпхъэщ, къакIуэр нэхъыбэрэ къыщызэтригъэувыIэу, дэкIыжыну хуэмейуэ гукъыдэж къриту. Мис итIанэ цIыхухэр «имиджкIэ» зэджэ фэ дахэр къалэм къытебгъэуэфынущ.

**- Къыхэфлъхьа пэхуэщIэм и экономикэ къарур зыхуэдизыр къэфлъыта?**

- Тырныауз къалэм 2025 гъэм цIыху мелуанрэ мин щитIрэ блэкIащ. Iуащхьэмахуэ лъапэ зы жэщ-зы махуэкIэ зыщыбгъэпсэхуным ику иту зы цIыхум сом мин 16 - 17 хуозэ. Мы бжыгъэр «2ГИС»-мрэ бронь Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэзыщIэ «Отелло» IуэхущIапIэмрэ зэдай къэхутэныгъэхэм къыхэтхащ. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, туризм IэнатIэм и къудамэхэр щызыдэлажьэ ди пэхуэщIэр гъащIэм хэпща хъумэ, щIыналъэм и экономикэм зиужьынущ, сом мелард 15-м нэс фейдэи къищIыфынущ. Нартсанэ девгъэплъыт. ЗыплъыхьакIуэ къакIуэ туристхэм къагъанэ ахъшэм хэкI налогымкIэ къалэм сом мелуан 300-м нэблагъэ хэхъуэ игъуэтащ. Ар зэрыщыткIэ туризм хуэIухуэщIэхэм зегъэужьынымрэ щIыпIэр егъэфIэкIуэнымрэ трагъэкIуэдэж. Тырныауз къалэми а жыпхъэм тету зиужьыфынущ.

**- Жылагъуэ архитектурэмкIэ къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым щекIуэкIынущ. Сыт хуэдэ къалэн фи пащхьэ илъыр, зи ужь фит пэхуэщIэр нэщIыса хъун папщIэ?**

- Сыт хуэдэ жэрдэмми уасэ иIэщ. Зэхэдгъэува пэхуэщIэм гъуэгу игъуэтын папщIэ, абы хэлъ экономикэ Iыхьэр IупщIу зи нэгу къыщIэзыгъэувэф, жылагъуэм дежкIэ иIэ мыхьэнэр къэзылъытэф IэщIагъэлIхэм дыхуеинущ. Дэ дыхущIэкъунущ ЭкономикэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэхэр, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэр, хьэрычэтыщIэхэр зэтшэлIэну. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Ростех» къэрал корпорацэм Тырныауз къалэм молибденрэ вольфрамрэ къыщыщIах комбинатыр къэIэтыжынымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIа ирегъэкIуэкI. Ди пэхуэщIэр а лэжьыгъэм и жыпхъэм тхуигъэзэгъэну къытщохъу. Дэ ди къалэныр жэрдэм тщIахэм мылъкукIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъун къэгъуэтынырщ. Ар къыдэхъулIэмэ, къытхуэнэжыр Тырныауз къалэм и зыужьыныгъэр нахуэу уи нэгу къыщIэзыгъэувэ къалэгъэпсыр итIанэ хьэзыр щIынырщ.

**- Зи ужь фитыр Iуэху щхьэпэщ, Рэмэзан, Тхьэм къыдигъэхъулIэ!**

**ШУРДЫМ Динэ.**

● УФСБ-м къет

## Сом мелуан 14,6-рэ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу, къызэпаудащ щIыпIэм щыпсэу цIыхуитIым зэрахьэ хабзэншагъэр.**

КъызэрахутамкIэ, нэхъапэкIэ езыхэм ялэжьа щIэпхъаджагъэм къврикIуэу ядыгъуа сом мелуан 14,6-рэ абыхэм къагъэсэбэпащ республикэм и Iуащхьэмахуэ районым турист центр къыщызэIухыным хухаха субсидиер пхагъэкIын мурадкIэ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 174.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм и «б» пунктым ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 7-м нэскIэ ягъэтIыс.

## И мурадыр къехъулIакъым

**Апхуэдэу а хабзэхъумэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэм пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ кадастр инженерым хабзэр къызэрызэпиудар.**

КъызэрыщIагъэщамкIэ, абы и мурадт Щхьэлыкъуэ къуажэм къриубыдэ щIы Iыхьэр республикэм щыпсэум ейуэ иригъэтхыну, жылэм и мылъкур щыубзыхуа тхылъым кърихa хъыбар нэпцIыр къигъэсэбэпу.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, къэдгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэм хуэдэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

● Гу зылъытапхъэ

# ЗэфIэкIхэм я лъэхъэнэ

**2026 мэлыжьыхьым и 17-м сыхьэти 10-м Налшык къалэм, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрам, 28-м (Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ) щекIуэкIынущ «Урысейм и лэжьыгъэ. ЗэфIэкIхэм я лъэхъэнэ» къэралпсо жармыкIэр. Абы хэтынущ мэкъумэш, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, ухуэныгъэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ягъэувыну лэжьакIуэ къэзылъыхъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.**

АБЫ цIыхухэр щыхагъэгъуэзэнущ къалъыхъуэ лэжьакIуэхэм ябгъэдэлъын хуей IэщIагъэм, щIэныгъэм, хьэл-щэным, кърaтыну улахуэм, зэрызыкъыщIагъэкъуэну Iуэхугъуэхэм, я щIэныгъэм хагъэхъуэнымкIэ яIэ зэфIэкIхэм. КъищынэмыщIауэ, ахэр къыхуагъэлъагъуэ лэжьыгъэм хэзэгъэнрэ хэмызэгъэнрэ зэIущIэм къыщапщытэфынущ.




# Бабыщыл гъэбэкхъа

● Шхыныгъуэ

Бабыщ укІар, гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, лыр щІигъанэу псы хуабэ щІакІэ, шыгъу хадзэ. МафІэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, абы и ужькІэ мафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, ныкъуэвэфІ хъуху ягъавэ. Бабыщыл вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъ. ШыуанкІэ е тебэ куукІэ тхъу къагъэплъ, абы бабыщыл гъущахэр халъхьэри, зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. ИтІанэ мафІэр цІыкІу ящІри, щимэ цІыкІуурэ упщІэта бжьын, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ икІи, зэІащІэурэ, бжьыныр тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Абы бжьыныху уба халъхьэ, зэІащІэурэ шатэпс щІакІэ, шыуаныщхьэр трапІэ, мафІэр щабэ дыдэ ящІри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрахыжри джэдгын хаудэ. И щхьэр тепІауэ дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэт, нэхъ ІэфІ, мэ дахэ къиищтэн щхьэкІэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж, бабыщылыр тепщэчым иралъхьэ, абы и щІыІум тракІэ шыуаным къина шатэпсри бжьыныхури. Яшх пщтыру, пІастэ, мырамысэ щІыгъуу. Шэ хуабэ трафыхьыж.

***Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):***



бабыщылу - грамм 1000, бжьыныщхьэу - грамм 50, бжьыныхуу - грамм 30, тхъууэ - граммий 150-рэ, шатэпсу - грамм 200, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Псалъэ шэрыуэхэр

# ЩІыхь зиІэ щытхъу хуэныкъуэкъым

♦**Хамэщіыр сыт щыгъуи щІыІэщ**.
♦**Щхьэм имылъмэ, гум илъыр къолъэлъ**.
♦**Бгым щыхуам и мыІуэху зэрихуэжыркъым**.
♦**ЩІыхь зиІэ щытхъу хуэныкъуэкъым**.
♦**Іуэху ныкъуэщІэ къагъанэу, Іуэхущіэ яублэркъым**.
♦**ХьэщІэм и щІыхьыр езым къеІэтыж**.
♦**Хамэм зыкъыпщІигъакъуэмэ, къуэшри къофыгъуэж**.
♦**Щыуагъэр мыгъуагъэщи, гугъапІэр пІэщІех**.
♦**Анэм и гузвэгъуэр гъунапкъэншэщ**.
♦**Нысэр гъэсамэ, усэ хуэфащэщ**.
♦**Зи мащІэм зигъэнщІри, зи куэдым зимыгъэнщІыжу къэнащ**.
♦**ЩыхуащІэм щІагъуэт, щыхуамыщІэм хъущІэрт**.

АФЭЩІАГЪУЭ Іэнас.

# Укъыщалъхум псори гуфІащ

**Уи фыз лІам уиш къыхэжа хуэдэщ**. - Уи жагъуэ мэхъу, уигу щІохьэ, гугъу уохь, жыхуиІэщ.

**Укъыщалъхум псори гуфІащ, ущылІэжкІэ зыхуэбгъэгъыжыфмэ**. - ЦІыху хуэдэ цІыхуу упсэун хуейщ, уи пщІэр уэ езым къэблэжьыжын хуейщ, жыхуиІэщ.

**УмылІауэ уфІрэ уІейрэ укъащІэркъым**. - ФІагъ куэд зыбгъэдэлъу, ауэ гу къылъамытэу дунейм ехыжам хужаІэ хабзэщ.

Упсэуну угъэщ, улІэну нэхъ гугъужщ - Дунейм ехыжам игъуэтыну пщІэр зэлъытар щыпсэум къызэрилэжьаращ: ар тыншу зыми къехъулІэркъым, жыхуиІэщ.

**Хьэдэр зейр кхъаблэпэщ**. - ЛІар зейр кхъаблэм ипэ иту щІэувэн хуейщ, жыхуиІэщ. ЩІагъыбзэу щІэлъыр: Іуэхур зейм унафэри пэублэри къылъос, япэ итын хуейр аращ. Адрейхэм абы зыдрагъэкІунущ, зэгурымыІуэ гуэр къэмыхъун щхьэкІэ.

**ЦІыхур къыщыпцІыхур гузэвэгъуэм дежщ**. - Гузэвэгъуэ ущиІэм деж къыбдэзыІыгъращ укъэзыгъэпэжынур, жыхуиІэщ.

**ЦІыхур лІэмэ, и цІэр къонэри, выр лІэмэ, и фэр къонэ**. - ЦІыху хуэдэ цІыхур дунейм ехыжмэ, куэдым я гум къонэ, акъылыншэр, цІыхугъэншэр щылІэкІэ къанэр и мылъкуращ, жыхуиІэщ.

● ГушыІэхэр

## УмыкІий закъуэ

Зэрыхабзэти, зэтехьа щхьэкІэ, нысэр и тхьэмадэм епсалъэртэкъым.

- Си нысэ цІыкІур згъэпсэлъэнущ, - жиІэри, тхьэмадэжьым мэл иукІащ, и ныбжьэгъухэр къриджащ, нысэм псэлъапщІэу тыгъэ лъапІэхэр къыхуищэхури, зыбгъэдишащ:

- Хъунщ, тІасэ, умыпсалъэу узэрыщытар, уи нэмыс и хъер улъагъу. ФІыщІэ пхузощІ! ДяпэкІэ укъызэпсалъэ хъунущ! - жиІэри къыхуищэхуахэр иритащ. ТхьэмадэжьыминыбжьэгъулІыжьхэри нысэм быдэу къехъуэхъури къыщІагъэкІыжащ.

Нысэм и гъэпсэлъапщІэм и хьэтыркІэ зэныбжьэгъу лІыжьхэри хъарзынэу зэдефэщ-зэдешхэри, я нэгу зиужьауэ, я ныбжьэгъужьым къехъуэхъужри, зэбгрыкІыжащ.

Псэлъэну хуит хъуа нысэр етІуанэ махуэм хьэблэ псом зэхахыу кІийуэ къыдэуващ.

ЛІыжьым нысэр ириджэри жиІащ:

- Дыгъуасэ мэл пхуэзукІамэ, нобэ вы пхуэзукІынщ, нысэ, ауэ умыкІий закъуэ.

## Абы и цІэр езым зыфІищыжынщ

ЛІыжьым нысэ къыхуашат. Зэрыхабзэти, нысэр зэрагъэфІэну цІэр фІащыну псори зэхэзежэрт. Пхъэ къутапІэм ІущІэу хэс лІыжьым бгъэдэлъадэхэри елъэІуащ.

- Дадэ, ди нысэ цІыкІум фІэтщыну цІэ дахэ къыджеІэ!

- Абы и цІэр езым зыфІищыжынщ, тІасэхэ, фэ гугъу зевмыгъэхь, - жиІащ лІыжьым.

Тхьэмахуэ зытІущ нэхъ дэмыкІыу, нысащІэр псыхьэ кІуэну къыщІэкІауэ, пщІантІэм зы ажэжь дэтти, нысащІэ мыцІыхур щилъагъум, езауэу щІидзащ.

НысащІэм зыкъиплъыхьщзыниплъыхьри, зыри щимылъагъум, пэгунитІыр игъэувщ, ажэм шэсри, пхъэхьымкІэ иубэрэжьу щІидзащ.

ЛІыжь къыдыхьэжым ар щилъагъум жиІащ:

- «Ажэ шущ» дяпэкІэ фызэреджэнур.

● Хабзэм щыщ

# Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ

Пасэрейхэм къызэранэкІа псалъэжьхэм уригъуазэмэ, гу лъыботэ адыгэхэм лІыгъэм, цІыхугъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, ныбжьэгъугъэм пащІ зэрыщымыІам, щІэблэр апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэм щІагъэджыкІ зэпытурэ къызэрыгъуэгурыкІуам. Хабзэр псом япэ изыгъэща лъэпкъым и щІэблэм къыхуигъэнащ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Хабзэр бзэгупэкІэ къахьыркъым», «Хабзэр убзэ зыфІэщІым хуэпщІэнум и ныкъуэ къегъанэ», «ЖьантІэм ущІэмыкъу - пхуэфащэмэ, къыплъысынщ».

Псалъэжьым иІуатэ гупсысэр зы цІыхум е цІыху гупым, зы хьэблэм е зы жылэм, зы гъэм е зы лІэщІыгъуэм я акъылкъым. Ар зэман кІыхькІэ зэфІоувэ, лъэпкъ псом я акъылымрэ я щІэныгъэмрэ къызэщІекъуэ. Абы щыхьэт техъуэфынущ, псалъэм папщІэ, «Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ» псалъэжьыр. ЛІэщІыгъуэ кІыхь Іэджэм япсыхьащ а псалъэжьыр, пасэрей адыгэхэм ябгъэдэлъа акъылымрэ щІэныгъэмрэ къапкърыкІащ.

Ныбжьышхуэ щаІэкІэ, псалъэжьхэм лІэщІыгъуэ Іэджэм я лъэужь яхъумащ, лІэщІыгъуэхэм къащхьэдэхыурэ къыщыгъуэгурыкІуэм къызэщІакъуащ ди тхыдэм и пэжыпІэр. Абы ипкъ иткІэ жыпІэмэ, псалъэжьхэр ди тхыдэм и гъуджэ пэлъытэщ. Иджыри къэс жаІэ: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ». Илъэс щитІ и ныбжьщ а псалъэжьым, и мыхьэнэри нобэрей цІыхум дежкІэ гурыІуэгъуэщ, мыгурыІуэгъуэр (нобэрей щІэблэм ямыщІэжыр) апхуэдэу жаІэнкІэ хуей щІэхъуарщ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, епщыкІуиянэ лІэщІыгъуэм и кІэухым Къэбэрдейм емынэ узыр щыятэри, лъэпкъым и нэхъыбапІэр ихьауэ щытащ - цІыхуипщІ къэс бгъур ихьауэ хуагъэфащэ. Емынэм къела мащІэр пащтыхьыдзэм пэувыгъащ, я хэкур зэрырамыгъэпхъуэн щхьэкІэ. Пащтыхьым и дзэмрэ адыгэхэмрэ щызэзэуар Хъумбылей псым дежщ: бий къанлыр емынэм къела мащІэм «къытекІуащ». Абдежым жаІащ: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ», - жари. Емынэ узымрэ пащтыхьым и дзэлІхэмрэ ета нэужьщ Къэбэрдейм и щІыналъэм и нэхъыбапІэр щыфІэкІуэдар - тІури лъапсэрых яхуэхъуащ адыгэхэм.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Нартыху гъэлыгъуа хьэжыгъэ. **6**. АпхуэдизкІэ ІэмыкІуэлъэмыкІуэщи, ... зэрына хузэрыхыркъым. **8**. Зи сабийр къэзылъыхъуэж анэм и ... макъ къэІуащ. **9**. Нарт лІыхъужь. **10**. ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ театрым и джэгуакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист. **14**. КхъуакІэ кІыхь зы-Іут Іэлъэщі. **15**. Іэщышхуэ. **17**. Дыгъэмрэ мазэмрэ я хъуреягъкІэ къищІ нэху. **19**. Муслъымэн диным зэрыжиІэмкІэ, зи щІалэгъуэр зэи имыкІыу жэнэтым ис тхьэІухуд. **20**. ЩэкІ пытхъахуэ. **21**. Псыежэхыр зыдэт къуакІэ.

***Къехыу:*** **1**. ... къашэри вынэ ирищІщ. **2**. Псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **3**. Жыг лІэужьыгъуэ. **4**. Пасэрей адыгэ пщышхуэ ... нэху. **7**. ХадэхэкІыр Іисраф зыщІ дзыгъуэшхуэ лъэпкъ. **8**. ЩІымахуэ щыгъын. **11**. Іэщыхъуэхэм я губгъуэ пщыІэ. **12**. Уафэ лъащІэм щызекІуэ «бжьэхуц» гуартэхэр. **13**. Къуацэчыцэ. **16**. Къуажэ, псыежэх. **17**. Пщэ гъум. **18**. ХадэхэкІ трасэну унагъуэ хадэм къыщатІа, ягъэщэба щІы Іыхьэ. **19**. Сымаджэхэм зрахьэлІэ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътІанщ**.

***Гъатхэпэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Былымыр. **7**. Жылэ. **8**. Нысэ. **9**. НакІэр. **10**. Маплъэ. **12**. Джэду. **14**. ЯщІрэ. **15**. Бысымым.

***Къехыу:*** **1**. ЛІыщІэ. **2**. Дыгъэм. **3**. Щыкъун. **5**. ЩІымахуэм. **6**. Псалъэри. **11**. НэщІым. **13**. Удын. **14**. Ящыщ.



# Дон Іус Ростов къраша лэжьыгъэхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щокІуэкІ «Донской край» щІыналъэпсо гъэлъэгъуэныгъэр. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмк Іэ и министерствэм, республикэм и Лъэпкъ музейм, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм Дон Іус Ростов щиІэ къудамэм.**

Ар къыщызэІуахым зыкърагъэхьэлІащ республикэм и унафэщІхэм ящыщхэм, гъуазджэм дихьэххэм, щІалэгъуалэм.

- УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм Ростов областым щиІэ правленэм фІыщІэ хузощІ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм деплъыну Іэмал къызэрыдитам папщІэ. Зи хабзэкІэ, бзэкІэ зэмыщхь лъэпкъ куэд Урысейм зэрыщыпсэум, ахэр зэрызэкъуэтым, я щІыналъэр фІыуэ зэралъагъум и щыхьэтщ мы гъэлъэгъуэныгъэр, - жиІащ КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Текуев Іэмырбий. - КъызэрыгуэкІ цІыхухэм гу зылъыдмытэ куэд ялъагъу художникхэм. Иджырей дунейм и щытыкІэр, зэхэлъыкІэр къэбгъэлъэгъуэн, къэкІуэнур зыхуэдэнур пщІэн папщІэ тхыдэм фІыуэ ущыгъуэзэн хуейщ. Мы лэжьыгъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІахэм ар къайхъулІащ. УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувам дигу къегъэкІыж лъэпкъхэр зэрызэкъуэшыр, я зэхуаку пщІэ зэрыдэлъыр, нэхъыжьхэм яхъумэу щыта лъапІэныгъэхэр. Ахэращ ди къарум и къигъэхъуапІэр. Нацизмэм пэщІэта икІи абы текІуа ди адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ ар Хэку зауэшхуэ зэманым къагъэлъэгъуащ. Ноби ди щІалэхэм Хэкум, къэралым и хуитыныгъэр яхъумэ.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат Накуэ Феликс хьэщІэхэм фІэхъус ярихри, жиІащ гъэлъэгъуэныгъэм зэфІэкІрэ зи Іуэху еплъыкІэрэ зиІэ сурэтыщІ куэдым я лэжьыгъэхэр зэрыхагъэхьар, ахэр жанркІэ зэрызэщхьэщыкІыр икІи дэтхэнэми я щІыналъэм хуаІэ лъагъуныгъэр къызэрагъэлъэгъуар зэрылъапІэр.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм республикэм и щэнхабзэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, Ростов щІыналъэм и щІыуэпс къулейм, къэзакъхэм я псэукІэмрэ гъащІэмрэ абыкІэ зэрызыщыхагъэгъуэзар, дяпэкІи апхуэдэ дахагъэкІэ зэхъуэжэну зэрыщыгугъыр.

УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт, зи лэжьыгъэхэр выставкэм щагъэлъагъуэ Клименкэ Владимир къытеувыІащ и сабиигъуэм щІидзауэ илъэс 50-м щІигъуауэ сурэт зэрищІымрэ мы зэхыхьэр къызэрыщыхъуамрэ.

- Иджыри курыт еджапІэм дыщыщІэсым ди егъэджакІуэм къалэн къытщищІат щхьэж зыхуей сурэтыр ищІыну. Псоми танкхэмрэ унэхэмрэ ящІырт. Си сурэтым къищырт пщыхьэщхьэм и теплъэр: мазэ ныкъуэр, псыежэхыр, абы къищхэр... ЕгъэджакІуэм си лэжьыгъэр классым щІэсхэм яригъэлъэгъуащ: «Феплъыт Клименкэ Вовэ и сурэтым!» А щытхъум лъандэрэ сыдихьэхауэ сурэт сощІ. Дон къисша лэжьыгъитІ хагъэхьащ Налшык щыдгъэлъагъуэхэм. Ахэр теухуащ сыщалъхуа, фІыуэ слъагъу щІыналъэм и теплъэмрэ щІыуэпсымрэ. Аращ си гур хэзыгъахъуэр, - жиІащ Клименкэ Владимир. - Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэмрэ и къабзагъымрэ узытхьэкъущ. Абы щыпсэу цІыхухэр гуапэщ, жэуаплыныгъэ зыхэлъщ. Сурэт щІыным дихьэх ныбжьыщІэхэм захуэзгъэзэнут, зрихьэлІэ лъэпощхьэпохэми емылъытауэ, я псэр зыхуеІэ Іуэхур Іэпэдэгъэлэл ямыщІыну, зэпамыгъэуну. Ди псэм щыщ Іыхьэ, ди щІыпІэм и нэхумрэ хуабэмрэ зыхэлъ ди лэжьыгъэхэр къэтшащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр ди сурэтхэм гуапэу къызэрыІущІамрэ ахэр ягу зэрыдыхьамрэ и щыхьэтщ ди зэкІэлъыкІуэм мыхьэнэшхуэ зэриІэм.

Гъэлъэгъуэныгъэр мэлыжьыхьым и 19 пщІондэ щыІэнущи, ар къызэзыгъэпэщахэм дахагъэр фІыуэ зылъагъухэр фрагъэблагъэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

# Сакъыныгъэрщ нэхъыщхьэр

**КъБР-м щыІэ МЧС-м фигу къегъэкІыж удз гъуар щискІэ насыпыншагъэ крикІуэнкІэ зэрыхъунур. ЦІыхухэр языныкъуэхэм деж егупсысыркъым мафІэм ухуэмысакъмэ, абы узыхуишэнум.**



2026 гъэр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм удз гъуахэр ису 57-рэ щатхащ. Ар къохъу цІыхум и зэранкІэ. МафІэм тыншу зидзынущ жьапщэмэ, абы мылъку хэщІыныгъэшхуэ къишэнкІэ, псэупІэхэмрэ промышленнэ объектхэмрэ нэсынкІэ, нэхъыщхьэращи, цІыху хэкІуэдэнкІэ хъунущ.

Урысей МЧС-м жэщ-махуэ имыІэу спутниккІэ кІэлъоплъ мафІэс къыщыхъу щІыпІэхэр къихутэу, абы республикэм и щІыналъэри хыхьэу.

КъэкІыгъэ гъуахэмрэ пхъэнкІиймрэ гъэсынымкІэ хабзэр уэим зыщІым административнэ жэуап ихьынущ УФ-м и УК-м и 20.4. статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ:

- сакъын зэрыхуейр жраІэн е административнэ къуэды ятелъхьэн сом 5000-м щыщІэдзауэ 15000-м нэс;
- къулыкъущІэм - сом 20000-м щыщІэдзауэ 30000-м нэс;
- щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм - сом 40000-м щыщІэдзауэ 60000-м нэс;
- ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэм - сом 300000-м щыщІэдзауэ 400000-м нэс.

2026 гъэм зэрыщІидзэрэ удз гъуахэр гъэсыным теухуа мардэхэр къызэрызэпаудам ехьэлІа протоколи 5 ятхащ, къуаншэхэр административнэ жэуапым ирашэлІащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

● Шахмат

# Тэрч щІыналъэм къикІахэр ятокІуэ

**Курыт еджапІэхэм шахматымкІэ я щІыналъэ зэхьэзэхуэ, «Дебют» зыфІащар, Налшык къалэм и «Каисса» шахмат клубым щекІуэкІащ мы махуэхэм. Ар гупхэм я зэпеуэу щытащ икІи абы хэтахэр 2017 гъэм къалъхуахэмрэ нэхъыщІэхэмрэщ.**

ГЪЭЩІЭГЪУЭНУ икІи удэзыхьэхыу екІуэкІа зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр щиубыдащ Тэрч районым и Дей къуажэм Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и цІэр зезыхьэ и школым и командэм. Абы хэтащ ХьэтІэф Эмиль, Бэв Аслъэхъан, КІуантІэхэ Миланэрэ Камилэрэ.

ЕтІуанэ увыпІэр къахьащ Налшык къалэм и «Олимп» унией еджапІэм и шахматистхэм. Ахэр Нэхущ Мухьэмэд, Мамэ Максимилиан, Архэст Ансар, Пухальская Ульянэ сымэщ.

Налшык къалэм и курыт еджапІэ №32-м и командэм - Лу Темырлан, Темрокъуэ Темыр, Унэж Дианэ сымэ - ещанэ увыпІэр яубыдащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІахэм КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм къыбгъэдэкІыу медалхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ иратащ. Абы нэмыщІ, япэ увыпІэр къэзыхьа командэр хэтынущ Сочэ къалэм и Сириус щІыналъэм щызэхашэну урысейпсо зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэм. Ар щекІуэкІынур мы гъэм накъыгъэм и 25 - мэкъуауэгъуэм и 1-хэрщ.

# Махуэр ягъэлъапІэу

**Балъкъэрхэм я къэщІэрэщІэжыныгъэм и махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу шахматымкІэ республикэ зэхьэзэхуэ «Каисса» клубым щекІуэкІащ.**

АБЫ щызэпеуащ цІыху 52-рэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикІа хьэщІэхэри яхэту.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр къыщахьащ ТекІуий Эмир, Токъуий Валерэ, Абаевэ Тамилэ, Жылэ Руслан, Темрокъуэ Инал, Вэрыкъуэ Дамир сымэ.

Темыркъан Давид, Рязанов Николай, Лингур Темырлан, Ахъмэт Іэминэ сымэ етІуанэ хъуащ.

Ещанэ увыпІэр яубыдащ Нартокъуэ Вячеслав, Джэдгъэф Чэмал, Урысмамбэт Раметэ, Лу Къантемыр сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІахэр щІыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмкІэ ягъэпажащ.

**МЫСОСТ Наурыз.**

● ФщІэн папщІэ

# Хамэ къэрал паспорт

КъБР-м щыІэ МВД-м Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмк Іэ и управленэм къызэритымкІэ, республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ Урысей Федерацэм и цІыхум хамэ къэрал паспорт илъэси 5 пІалъэм тещІыхьар къыІахын папщІэ зыхуагъазэ хъунущ Урысей МВД-м и «Паспорт-визэ сервис» ФГУП-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм.

***ХэщІапІэр:*** Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, унэ 183, а.

***Щылажьэ зэманыр:***

гъубж - щэбэт, сыхьэти 9 - 18-хэм къриубыдэу: телефоныр: 8 800 200-52-09 .

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

# Набдзэгубдзаплъэу фыщыт!

**КъБР-м щыІэ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ щыгъуазэ фещІ Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм и дамыгъэхэр зытет ахъшэ нэпцІхэр зэрызэрагъакІуэм.**

АПХУЭДЭ ахъшэхэр къэгъэсэбэпыным ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэр нэхъыбэу щалэжь сату щІапІэ нэхъ инхэм (бэзэрхэм, жармыкІэхэм, гъэсыныпхъэ щрагъахъуэ станцхэм, тыкуэнышхуэхэм, нэгъуэщІхэми).

Мы щытыкІэм къыхэкІыу республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ къыхураджэ тхылъымпІэ ахъшэхэр къагъэсэбэпу щыщахуэкІэ е нэгъуэщІ Іуэхухэр щызэфІахкІэ набдзэгубдзаплъэу щытыну.

Апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зэралэжьар къафщІэмэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и плъыр частым фыпсалъэ мы телефонхэмкІэ: 8 (8662) 49-50-97, 40-49-10.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.250 • Заказыр №665

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А